ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№34 (23.192) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 26, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий «Газпром межрегионгаз» ООО-м и унафэщIхэм яхуозэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий «Газпром межрегионгаз» ООО-м и генеральнэ директорым и къуэдзэ Боткин Игорь Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыхуэзащ. Зэлущ1эм щытепсэлъыхьащ республикэм и газ хозяйствэм адэкIи зегъэужьыным пыщIа Iуэхуэхэм.

Псалъэмакъым къыщыхагъэщащ газыр къэзыгъэсэбэп псоми зэблэу къыхэмыкIыу а гъэсыныпхъэр яIэрыхьэныр къыззэшIогъэнэщ системэ тэмэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщызэтеувар. Абы къыдэкIуэу къагъэлъэгъуащ къагъэсэбэп гъэсыныпхъэм и уасэр зэратыр егъэфIэкIуэн, блэкIа илъэхэм зэтрихьа щыхуэр пшыныжьын зэрыхуейр. Лъэныкуэхэр зэакъылэгъу хьуащ а Iуэхум зэкIэлъыкIуэу икIи зэман пыухыкIахэм тету зэрелажьыпхъэмкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Газ уасэмкIэ зэтрихьэ щIыхуэм кIэроху

КъБР-м и Правительствэм и Унэм премьер-министр Мусуков А. ТI. дыгъуасэ щригъэкIуэкIа зэIущIэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар республикэм къыщагъэсэбэпа газым и уасэмкIэ зэтрихьа щыхуэр пшыныжьыным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэрщ.

ЗэIущIэм хэтащ «Газпром межрегионгаз» ООО-м и генеральнэ директорым и къуэдзэ Боткин И. Н., «Газпром межрегионгаз Пятигорск» ООО-м и генеральнэ директор Калинкин О. Г., республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэр, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, хуабэ-энергетикэ компаниемхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм къыщаIэтахэм ящыщщ къагъэсэбэпа энергоресурсхэм я уасэр зэратыр егъэфIэкIуэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и газ комплексым зегъэужьыныр. ЗэIущIэм и пэщIэдзэм Боткин Игорь къыхигъэщхьэхукIащ блэкIа илъэсым газым и уасэмкIэ зэтрихьэ щIыхуэр нэхъ мащIэ хъууэ зэрыхуежьар икIи щIыхуэр пшыныжьым теухуауэ къащта графикыр нэхъ нэсу гъэззэщIэн, блэкIа илъэхэм къатена щIыхуэр пшыныжьын хуейуэ къыззрилъытэр.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, иджыпсту гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэ Iуэхухэм ящыщщ газыр щытрагъашэ сетхэм щафIэкIуэд гъэсыныпхъэр гъэмэщIэныр, къагъэсэбэп газыр зыхуэдизыр къэзыбж иджырей Iэмэпсымэхэр гъэувыныр, газыр къыщагъэсэбэп псэупIэ унэхэр щIэпщытыкIыныр, промышленнэ предприятэхэм ягъэкIуэщI газыр зыхуэдизыр зэпэлъытыныр, уней лъапсэхэм гъэсыныпхъэр къызэрыщагъэсэбэпым кIэлъыплъныр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Дадэ М. А. зэрыжиIамкIэ, ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIыщIэкIэ къагъэсэбэпа газым и уасэр ирикъуу яту хуежьащ федеральнэ, республикэ, щIыналъэ бюджетхэм я ахъшэкIэ лажьэ организацэхэм. Абыхэм 2015 гъэм газ уасэр тыныкIэ къапэщытар процентти 104,9-кIэ ягъэззэщIащ. А бжыгъэр 2014 гъэм елъытауэ процент 18,4-кIэ нэхъыбэщ. Газ уасэр нэхъыфIыжу къыщыхахащ Май, Тэрч, Шэрдж, Прохладнэ районхэм.

Ауэ иужьрей зэманым Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкIами, иджыпсту хэхауэ кIэлъыплъын хуейщ республикэм и хуабэ-энергетикэ комплексым хиубыдэ предприятэхэм я лажьэкIэм. ЗэIущIэм къыщыхалъхьащ апхуэдэ предприятэхэм я финанс-хозяйствэ лэжьыгъэр щIэпщытыкIын хуейуэ.

КъБР-м и Правительствэм и деж иджыри щолажьэ къагъэсэбэпа энергием и уасэр зэратым кIэлъыплъ комиссэ. Абы хэтщ зыхуэфащэ федеральнэ органхэм я щIыналъэ органу республикэм щыIэхэм, налог органхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, антимонопольнэ къулыкъущIапIэм я лIыкIуэхэр. ЗэIущIэм докладхэр щащIащ «Газпром межрегионгаз Пятигорск» ООО-м и Iуэхущ1апIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Пщыгъуэш М. А., Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Кислицын А. Н., Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хь. Хь., республикэм и гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и предприятэхэм я унафэщIхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэ.

ПРЕЗИДИУМЫМ хэтхэр тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэ законым и проектым. ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** зэрыжиIамкIэ, законопроектыр щIагъэхьэзырым и щхьэусыгъуэр «Урысей Федерацэм и къэрал граждан къулыкъым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым зэхъуэжьныгъэхэр зэрыхалъхьарщ икIи КъБР-м и Законым и Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр абыхэм егъэзэгъыжьын зэрыхуейрщ.

«Балигъ мыхъуахэр щхьэрыутIыпщу щытынымрэ хабзэр къыззпаудынымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщымыгъэхъунымкIэ профилактикэ лэжьыгъэм и системэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр депутатхэм я пащхьэ крилъхьащ Законым тетынымрэ хабзэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI **Кривко Михаил**. Документым къыззрыщыгъэлъэгъуамкIэ, балигъ мыхъуахэм, абыхэм я адэ-анэхэм е ахэр зыпIыжьхэм хэхауэ профилактикэ лэжьыгъэ драгъэкIуэкIынымкIэ тегъэщIапIэу ягъэув следствиемкIэ органым и унафэщIым къишта унафэм кIыщыгъэлъэгъуа Iуэхуэхэр.

Депутатхэм даIыгъащ сабий дэхуэхахэм я узынщагъэ егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхуэхэм трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетым и субсидиехэр УФ-м и щIыналъэхэм я бюджетхэм къыхуауатIыпщу щIадзэжьын папщIэ Астрахань областым и Думэм хэтхэм УФ-м и Правительствэм зэрызыхуагъазэ тхыгъэр. Апхуэдэу зэIущIэм щыхэпльащ УФ-м и субъект зыбжанэм я парламентархэм федеральнэ законхэм я проектхэр къаззрыщыхъуам теухуауэ къагъэхьа тхыгъэхэм.

Къыдэрыхьа документхэм хэпльэри, Президиумым хэтхэм унафэ къащтащ УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щIым и Бахъсэн район зэхуаку къудамэм и унафэщI Щоджэн Борис, КъБР-м Медико-социальнэ экспертизэмкIэ и бюро нэхъыщхьэм медико-социальнэ экспертизэмкIэ и бюром и унафэщI Умаровэ Хъаджэт сымэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхыльыр етыным теухуауэ.

ЗэIущIэм Правительствэм щыхуахха зэманым хиубыдэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт и IэнатIэм зегъэужьынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я IуэхукIэ» докладыр депутатхэм я пащхьэ щищIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхущ1апIэ министр **Емуз Нинэ**.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Балигъ мыхъуахэр хабзэншагъэхэм хэмыхуэн папщIэ

Куэд къэзымыгъащIэу куэд зыхуэзфIэкIа

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд и псалъэ.

Ди республикэм и жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и къызэгъэпэщакIуэ, абы и япэ ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъу махуэшхуэр дыгъуасэ Iэтауэ щагъэлъапIащ. КъБКъУ-м Университетым и ректор Алъгуд Юрий, абы и президент Къарэмырзэ Барэсбий, еджапIэ нэхъыщхьэм и Iэщ1агъэлIхэм, щIэныгъэлIхэм, студентхэм нэмыщI, фэеплъ зэIущIэм къекIуэлIат хьэщIэ куэди. Абыхэм яхэтт КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэм и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министр Емуз Нинэ, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэлIхэр, Бэрбэч лъэпкъым и лIыкIуэхэр, Аушыджэр курыт школым и егъэджакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ФЭЕПЛЪ зэIущIэр щаублащ КъБКъУ-м, щIэныгъэмрэ еджэныгъэмрэ ятеухуа уэрэдхэр щыIу, университетым и щIыхьэпIэ нэхъыщхьэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ щыIэ парк щIыкIым. Ар къыззIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБКъУ-м щIалэгъуалэ поэтикэмкIэ и управленэм и унафэщI Лу Азэмэт.

- Адыгэ лъэпкъым и еджагъэшхуэ, узэщIакIуэ цIэрыIуэ Нэгумэ Шорэ жиIэгъауэ щытащ: «Сэ хьэкъыу спхыкIауэ си фIэщ мэхъу бгырыс Iэлыр гурыщIэ телъыджэм, гъащIэм и нэхурэ Iэфым - щIэныгъэм, къызэрыщIэтэджэнур; щIэныгъэмрэ тхыбзэмрэ ди гур къыщауIэн зэман дэр папщIи къызэрысынур. Сэ сымыльагъункIи хъунщ а дакъикъэ Iэфыр - си лъахэм щIэныгъэншагъэр IэщIыб щищIыну лъэхъэнэр; сыт хуэдиз гухэхъуэгъуэ зыхэсщIэнт сэ абы щыгъуэ!..» Нобэ мыбдеж къыщIэзыхуэсахэм догъэлъапIэ Шорэ зыщIэхъуэпсауэ щыта гъащIэ нэхугъэр ди щIыналъэм къизыхьа, Кавказ Ищхъэрэ псом щыяпэ къэрал университетыр ди республикэм къыщыззIуэзыха, абы и япэ ректору лэжьа Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур, - къыхигъэщащ и пэублэ псалъэм Лум. - Бэрбэчым зи лъабжьэр игъэтIылъа еджапIэ нэхъыщхьэр мы зэманым хъуащ лъэныкъуэ куэдкIэ зызыужьа, езым хуэдэ классикэ университетхэм зыкъыомкIэ ефIэкI IэнатIэ. Ди гуапэщ а псом и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм, хэкупсэм и фэеплъыр ягу къагъэкIыжьыну, абы пщIэ хуащIу цIыху куэд къызэрекIуэлIар.

Япэу псалъэ иратащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. Ар къызэхуэсахэм ехьэхъуащ махуэшхуэмкIэ икIи къыхигъэщащ ди республикэм университет къызэрыщызэIуахар щIыпIэм щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зыщауэныкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытар.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм хьыхь адрей лъэпкъ автономиехэми я социально-экономикэ зыужьынымкIэ Iуэхугъэ езыгъэфIакIуэт ар. Дауи, КъБКъУ-р къызэIуихынымкIэ унафэр къыщащтар «ищхьэмкIэт», атIэми Бэрбэчым хуэзфIэкIащ а Iуэхур пхигъэкIын. Зи мурадыр зэгъэхъулIэным ерыщу яужь ит зылI хуэщIэн зэфIигъэкIащ абы. Аращ ХьэтIутIэ и фэеплъыр мыкIуэдыжыну щIыжьтIэр, - жиIащ абы. - КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и унафэкIэ нобэ университетым къыщызэIуах Бэрбэч ХьэтIутIэ и фэеплъыр. АбыкIэ псоми си гуапэу сынывохъуэхъу. Бэрбэчым къигъэна лъэужь нэхур зэи хрелыкIуэдэж.

Къуэдзокъуэм жиIа псалъэ гуапэхэм пищащ Жанатаев Сэлим.

- Университетыр зэфIэувэным Бэрбэч ХьэтIутIэ хуищIа хэлъхьэныгъэр абрагъуэщ. Ар езыр цIыху теЛъыджэт, и гупсысэкIэрэ Iуэху еплъыкIэрэ иIэжу, къыпэщылъ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ ищIэу. Абы гъащIэм, зыпэрыта къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм дапщэщи япэ щригъэщар цIыхубзм сэбэп яхуэхъун зэрыхуейр, - къыхигъэщащ Жанатаевым. - КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу нобэрей махуэшхуэмкIэ. Бэрбэч ХьэтIутIэ и гъащIэр щапхъэ яхурырехъу университетым нобэ щеджэ, дяпэкIи щеджэну щIалэгъуалэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Сурэтхэр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

«Бзэр лъэпкъым и дамэщ»

• Зэпеуэхэр

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм мы гъэм хэтыну гукъыдэж зыщIахэм ящыщщ Прохладнэ районым хьыхь Къэрэгъэш къуажэм дэт 1-нэ курыт школыр. А еджапIэм республикэ зэпеуэм иджыблагъэ екIуу зыкъыщигъэлъэгъуащ. КъэпщытакIуэхэм я нэгу щIэкIащ еджакIуэ щIыкIуэр хэкупсэу, лъэпкъ тхыдэмрэ хабзэмрэ щыгъуаззу, анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ я Iэпэгъуу а школым зэрыщагъасэр.

Школым и егъэджакIуэхэм я дерс, классщIыб гъэлъэгъуэныгъэхэм нэхъ убгъуауэ дыщIытепсэлъыхьыжынущ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм языхэзым.

ЩОДЖЭН Iэминат.

НОБЭ

♦Кувейтыр хуит къыщащIыжа махуэщ. 1991 гъэм Иракым и дзэхэр а къэралым ирахужащ.

♦1712 гъэм Пётр Езанэм и унафэкIэ Тулэ къыщыщIэуахащ Iэщэ къыщыщIагъэкI завод. Ар Урысейм щыяпэ апхуэдэ Iуэхущ1апIэт. Абы зиужьурэ Тулэ къалэр къэралым Iэщэ къыщыщIагъэкI и къалэ нэхъыщхьэ хъуауэ щытащ.

♦1935 гъэм Шотландием щыщ физик Уотсон-Уатт Роберт радар IэмэпсымэщIэм и зэфIэкIыр здынэсыр кIыпщытащ. ЩIылъэми уэгуми абы «къыщиуибыдыфырт» куэдкIэ пэжьижьэхэр.

♦ТхакIуэ Щауэ Къалидар и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Актёр, РСФСР-м и цIыхубз артист **Жариков Евгений** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Адыгэ сурэтыщI, цIыхубз Iэпщ1элъапщIэ, Iуэрыуатэдж, РАХ-м и дипломант, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **ГъукIэ Замудин** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта, къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ зыхуагъэфэща **Тхьэгъэлэдж Тимур** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦1936 гъэм Германием щызэпкъралъхьащ «Фольксваген» автомобиль лIэужьыгъуэщIэр. Куэдым ягу зэрырихьам, и уасэкIи зэрызэгъэрабгъум щхьэкIэ абы «цIыхубэ автомобилкIэ» щоджэ а къэралым.

♦1990 гъэм советыдзэхэр Чехословакием кърашыжу щIадзащ.

♦Франджы тхакIуэ цIэрыIуэ **Гюго Виктор** къызэралъхурэ илъэс 214-рэ ирокъу.

♦Совет парт лэжьакIуэ, Ленин Владимир и щхьэгъусэу щыта **Крупская Надеждэ** къызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.

♦Израильым и премьер-министру щыта **Шарон** (и унэцIэ дыдэр **Шейнерманщ**) **Ариэль** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псым и жапIэр езым къегъуэтыж.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзраталий:

Республикэм къыпэщыт Іуэхушхуэхэр дэгъэкІыным псори жыджэру хэтыну дыщогуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыззрыт илъэсым КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам пъабжьэ хуэхъуащ къэралым и дежкІэ мыхьэнэ хэха зиІэ къалэныр - къуэкІыпІэ къэралхэм ди экономикэм къытракъуэзу щыхуэжьа лъэхъэнэм нэгъуэщІ хэкуэхм къыщащэхм пэхъун продукцэу нэхъыбэ гъэхьэзырыныр. Апхуэдэу КъБР-м и Іэтащхьэм иубзыхуащ иджырей зэман мытыншым республикэм и экономикэм и Іэнатіэ псоми щызэфІэгъэкІын хуейуэ щыІэ Іуэху нэхъыщхьэхэр икІи къигъэлъэгуащ: «Къыгпэщт Іуэхуэхэр зэрыгугъумрэ ди мурадхэр гъэзэщІэнымкІэ кУэд длэжьын зэрыхуеймрэ къыдгурыІуэу дызэхъуэзмэз, дэ сыт хуэдэ гугъуехьхэри къыздэнэкІыфынущ».

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащ хьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэзуа дэтхэнэ Іуэхури гъэззщІа хъун папщІэ властым и Іэнатіэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и граждан, жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэр, цІыхубэр зэкъуэту лэжьэн хуейщ. Ди къарур зэтхэлІапіэхэр кУэд мэхъу, ауэ иджмыпсу абыхэм ящыщу зыбжанэм нэхъ зэпкърыхауэ сыкъытеувыІэнщ.

Республикэм исхэр нэхъ зытегуэзвыхьхэм ящыщщ щы Іуэхур. Мэкъумэш щІапІэхэр къэгъэсэбэныным хэлъ ныкъусанигъэхэм, щІым зэрытелъжьыхь щыкІэм КъБР-м и Іэтащхьэр иджыблагъэ Жылагъуэ палатэм хэтхэм щахуэзам тепсэлъыхьащ. А Іуэху дыдэкІэ къыхэщащ Парламентым Зэрызыхуигъэзэ тхыгъэми. КІуэкІуэ Юрий къыхиГъэщхьэкІыщ мэкъумэш щІапІэхэр фейдэ пылъу къагъэсэбэным папщІэ бдджэндым пыщІа хабзэхэр егъэфІэкІуэн икІи ар социальнэ захуагъэ хэлъу къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

Республикэм и Іэтащхьэр апхуэдэу егъэпІейтей агропромышленнэ комплексым зыщІэгъэкъуэнымкІэ къэрал программэхэм тету къаІэрыхьэ ахъшэр къызэгъагъэсэбэпым тКІийуэ зэрыкІэтльмыплъым. Псальэм къыдэкІуэу жысІэнщи, абы теухуауэ 2015 гъэм къриубыдэу Жылагъуэ палатэм тхьэусыхафэр куэд къыІэрыхьащ. А псоми къагъэльагъуэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэри, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и деж щыІэ Жылагъуэ советри, муниципальнэ щылнаІэхэм я жылагъуэ советхэри а Іэнатіэм хэхауэ кІэльыплъын зэрыуейр. Сыту жыпІэмэ, КІуэкІуэ Юрий зэрыжиІащи, мэкъумэш хозяйствэм зегъэуэжьным трагъэкІуадэ дэтхэнэ зы сомри Іэмал зэриІэкІэ нэхъ фейдэшхуэ пылъу къэгъэсэбэныр иджыпсту дэ къытпэщыт Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

ПсынщІэу уэсыр текІыжщ, хуабэ хъури, гъуэгуэр гъущыжащ икІи занщІэу нэм къыІуидзэу хуежьащ республикэм и гъуэгуэр зэрызэкІэльымыкІыр. Апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэм уащрохьэлІэ Май, Прохладнэ бдджэндым пыщІа хабзэхэр егъэфІэкІуэн икІи ар социальнэ захуагъэ хэлъу къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

Республикэм и Іэтащхьэр апхуэдэу егъэпІейтей агропромышленнэ комплексым зыщІэгъэкъуэнымкІэ къэрал программэхэм тету къаІэрыхьэ ахъшэр къызэгъагъэсэбэпым тКІийуэ зэрыкІэтльмыплъым. Псальэм дизрэ дытемыпсэльыхьми, зэхъуэжьІыныгъэшхуэ игъуэтыну къыщІэкІынкъым, хьэлэлу зи кьалэныр зымыгъэзащІэ подрядчик пыухыкІакъэр жэуап тКІийм играшалІэу хуемыжьауэ.

Ильэс гъунэгъуэм нэхъ гулъытэшхуэ зыхуэфащэхэм ящыщу республикэм и Іэтащхьэм кьилъытащ фэтэр куэд хъу псэупІэ унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжыныр, сыту жыпІэмэ, а лжжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІыну ахъшэр дяпэкІэ къызыбгъдэкІын хуейр езы фэтэрхэр зи мылъкуу щытхэрщ.

ПсэупІэм и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитыныгъэшхуэ нэхъ гъэсэауэ цІыхуэм ягурыгъэЗуэным хуэунэтІауэ щытащ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм жылагъуэ кІэльыплъыныгъэ щыІнаІэхэм я жылагъуэ советхэри а Іэнатіэм хэхауэ кІэльыплъын зэрыуейр. Сыту жыпІэмэ, КІуэкІуэ Юрий зэрыжиІащи, мэкъумэш хозяйствэм зегъэуэжьным трагъэкІуадэ дэтхэнэ зы сомри Іэмал зэриІэкІэ нэхъ фейдэшхуэ пылъу къэгъэсэбэныр иджыпсту дэ къытпэщыт Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

ПсынщІэу уэсыр текІыжщ, хуабэ хъури, гъуэгуэр гъущыжащ икІи занщІэу нэм къыІуидзэу хуежьащ республикэм и гъуэгуэр зэрызэкІэльымыкІыр. Апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэм уащрохьэлІэ Май, Прохладнэ бдджэндым пыщІа хабзэхэр егъэфІэкІуэн икІи ар социальнэ захуагъэ хэлъу къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

Республикэм и Іэтащхьэр апхуэдэу егъэпІейтей агропромышленнэ комплексым зыщІэгъэкъуэнымкІэ къэрал программэхэм тету къаІэрыхьэ ахъшэр къызэгъагъэсэбэпым тКІийуэ зэрыкІэтльмыплъым. Псальэм

(КІэуухыр. Пэщ Іэдэзэр 1-нэ нап.).

Бэрбэч лъэпкъым и лЫкІуэхэм я нэхъыжь Бэрбэч Заурбий псалъэ щраты м, фІыщІэ ин яхуищІащ КъБР-м, КъБКъУ-м я унафэщІэжм.

- Куэд къэзымыгъащІэу куэд зыхуэзафІэкІа ди къуэшым республикэм хуищІар къэпльитІгъуейщ, - жиІащ нэхъыжьыфым. - Си гуапэ зэрыхъущи, Бэрбэч Хьэтіутіэ университетыр къызэгъэпэщыным хилъхьа гуащІэмрэ зэфІэкІымрэ кІуэдакъым. Абы и щыхьэтщ а лІы щэрдащэм и цІэр ди еджапІэ нэхъыщхьэм зэрызэрихьэри, нобэ мыбдеж къыщызэІуах фэеплъри, ар ягу къагъэкІыжу кІыхьэрагъэпэща адрей Іуэхугъуэхэри. Хьэтіутіэ и ужьыр махуэ Тхьэм тхуищІ Бэрбэчхи республикэм и цІыху псоми.

АдэкІэ псалъэ ираташ университетым и ректор Альтуд Юрий. Ар кІэщІу тепсэлъыхьащ Бэрбэч Хьэтіутіэ и фІыгъэкІэ КъБКъУ-м зэман кІэщІым кІуиубыдэу хэпщІыкІыу зэрызыужьам, математикэ, физикэ, химие, филологие щІэныгъэхэмкІэ екъулІэныгъэфІхэр зыІэригъэхьауэ зэрыщытам, иужькІэ КъБКъУ-р Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэ кУэдым щыхурагъаджэ Іуэхущ Іапіэ зэрыхъуам.

- Бэрбэч ХьэтІутІэ и ректоргъуэм университетым щылэжьащ факультетим 4: тхыдэ-филологие, физикэ-математикэ, инженер-ухуакІуэ, мэкъумэш. Бэрбэчым къызэригъэпэщащ кафедрэ 20-м щІигъу. ЕджапІэ нэхъыщхьэм игъэхьэзыру хуежьащ цІыхубэ хозяйствэр а лъэхъэнэм зыхуэныкъуэ Іэщ Іагъэлэхэр, - жиІащ абы. - Нобэ КъБКъУ-р Урысей Федерацэм и щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центр пашэхэм ящыщщ. Абы щылажьэ Іэщ Іагъэлэ 2000-м щІигъу, студент 11000-м нэсым щІэныгъэ щызэрагъэгъуэт. Университетым и институтэ 9-м, факультети 3-м, зы колледжым щыхудогъаджэ Іэщ Іагъэ 94-м. Ди еджапІэ нэхъыщхьэр къэзыухахэм къахэкІащ Урысей Федерацэм, хамэ щІыналъэ куэдым цІэрыІуэ щыхъуа щІэныгъэлІэхэр, егъэджакІуэхэр, инженерхэр, хабзэубзыху, бъэзэщІакІуэ а властыр зыпэмыжьыІэ лъэрыкъэхэр. Дэ дропагэ икІи дрогушхуэ абы и цІэр ди КъБКъУ-м и ректорыр къэрал университетым зэрызэрихьэм.

КъБКъУ-м и ягъэ ректорым и фэеплъыр къызэІуахащ КъуэдзокъуэУ Мухьэмэд, Альтуд Юрий, Бэрбэч Заурбий, университетым и студентхэр нэхъыфІхэм ящыщ Нестеренкэ Оксанэ сымэ. ТхьэкІымашэ Михаил и Іэдакъэщ Іэкі екІур Іэгуауэ инри щІэту къызэІуаха нэужь, къызэхуэсахэм абы удз гъэГъахэр траЛъхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и япэ ректорым и ГъащІэ купщІафІэм, лъэпкъ щІэныгъэмрэ щІыналъэ зыужьыныгъэмрэ абы хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэм ятеухуат университетым ТхыдэмрэфилологиемкІэ и институтым и щІыхьэпІэм къыщызэІуаха гъэлъэгуэныгъэ хьэлэмэтри еджапІэ нэхъыщхьэм щекІуэкІа щІэныгъэ зэхуэсхэм инри.

Бэрбэч ХьэтІутІэ и фэеплъ махуэшхуэм хузгъэпса концерт къыщызэрагъэпэщащ Сокуров Александр и творческэ мастерскийм. Абы хэтащ республикэм и артист цІэрыІуэхэр, КъБКъУ-м и творческэ гупхэр, еджакІуэхэр. Утыкум пщІэ хуащІу кІрашащ Бэрбэч лъэпкъым щыщу нобэ университетым щеджащ студентхэри. Ди гуапэ зэрыхъущи, ахэр хуэфащэщ ди республикэм и тхыдэм лъэужь нэху къыщыщызгъэна я нэхъыжьыфІым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтыр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Іэщ Іагъэлі нэс, мэкъумэш Іэнатіэм и къызэгъэпэщакІуэ нэхъ Іэзэ дыдэхэм ящыщ Унэжокъуэ Борис къиІуэ гъуэгур къызызыхэІа лъэпкъым-рэ цІыхубэмрэ и къару емыблэжу зэрыхуэлэжьам и щапхэщ.

ЗИ САБИИГЪУЭР Хэку зауэшхуэм хиубыда, абы и ужь лъэхъэнэ хьэлъэр зи нэгу щІэкІа, гурэ псэкІэ зыгъэва, зи ныбжьыр илъэс пщІейм щхьэдэха тхьэмадэр бжьыфІэщ, зэпІэзэрытщ, зэрыугъурлыр и нэгум къуэд. ГъащІэм къыхихауэ акъыл жанрэ гупсысэ узыншэрэ иІэщ, хабзэм и лъапІэныгъэкр игъэнэхъапІу къуэгъуэгурыкІуэ.

Зи адэ-анэр пасэу зыІэщІэкІа ныбжьыщІэр зэманым псэкІэ балигъ дэхуат, ери фІыри зэхищІыкІыри, губгъуэ лэжьыгъэми, унагъуэ Іуэхуми, еджэнми хунэсыр, нэхъыжьхэм я гум зэрыдыхьэным, ахэр арэзы зэрощыным хущІыхьат.

- Зэманыр тКІийт, хьэлъэт, инри цІыкІури фронтым телажьэ, ворпи гугъу ехьырт, ауэ гъэщІэгъуэныракъэ, тхьэусыхэр мащІэ дыдэт. Ноби Іупщу си нэгум щІэтщ текІуэныгъэр къагъэблагъэу Іэпщэкіэ щыІр зезыхьа, гъавэ къэзыгъэкІа, Іузыхьжа псори. Абыхэм я щІыхьэ тпеПъ зэпыту къыскщохьу, я жумартыгъэмэ гущІэгъуныгъэмрэ сщыгъупщэркъым, - жеІэ Борис, а зэман хьэлъэр игу кІэгъэкІыжу.

Унэжокъуэм и гъащІэ псор епхащ къыщыдгъуэ, къыщыхъуа къуажэм. Гурыхьэт, щІэныгъэ, и ныбжьыр зэрыхэлъым и нэщэнэу, тхылъым хуэнэхъуеиншэт, фІыуэ еджэрти, гъуэгу бгъуфІэ къызэрыпэщылъыр бзянт. Апхуэдэуи къыщІэкІащ.

«Псым и жапІэр езым къеГъуэтыж», - жаІэ. А пщалъэмкІэ убгъэдыхьэмэ, Унэжокъуэ Борис ящыщщ, зи гъащІэ хьэлэлкІэ, зи щІыху хэтыкІэкІэ мы гъащІэм зи уяпІэ щІызыубыдыжахэм. КъызэринэкІа илъэсхэм а псор Іупщу хыбоЛъагъэ.

Дзыхьыр мылъкушхуэщ. «Кэнжэ» колхозым и тхьэмадэ щыхъуа махуэм щегъэжьауэ Унэжокъуэм ар зымащІэкІи зыщигъэгъупщакъым, нэхъыжьхэр къазэрыщыгугъауэ къыщІэкІащ, куэд дэмыкІыуи унафэщІ губзыгъэу, гумызагъэу, зыхъуэжьа щІэныгъэ Іэзэу зыкъыгъэлъэгъуащ. Хозяйствэм зегъэужьным къаруушхуэ ирихьэлІэрт. Ар зыпІэкІу колхозхэтхэр Іуэхум тегушхуэрт, Борис и жэрдэмхэр къыдащтэрт. Жьыжьаплъэт, мурадышхуэхэм хуэпабгъэрти, зэуваІэр къехъулІэрт, куэдым хунэсырт, ящІэщІыпхъэхэр псынщІэу къыпхъуатэрт икІи хуэфащэ унафэ къахуигъэтырт. Мэкъумэш щІапІэхэм я зэкъуэным, жыг хадзхэр зехьэным пыщІа Іэнатіэхэр зэдзууэ зэдзихьырт. КъэхутэныгъэщІэхэр, технологие пэрытхэр Іэнатіэ псоми ерыщу щыпхигъэкІырт, жьэгъуащІэс щІыпІэхэм пхъэщхьэмыщхьэ хадзхэр щигъэбагъэкІырт. Пэжьыгъэр зыкуэдэр, абы бжейдзуэ пылъыр, хозяйствэм хэхъуэу къыхуихьыр зэпымыууэ зэпилъытырт. Іэщ ІэпэкъыфІхэм, жыг хадзхэм я зыужькІэр я бже щигъэнэхуэрт, абыхэм ятеухуа тхыгъэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ къытырыгъадзэрт. ЩІэныпІэхэр я Іэнатіэ зыгъэжьауэ, хэтхэм пщІэ лей яхуищІырт, щІалэ жыджэрхэр, жэрдэмщІакІуэхэр къулыкъуКІэ игъэкІуатэрт.

Нэхъыжьхэм фІыуэ ящІэж 70 - 80 гъэхэм Аруан, Шэрэдж псыхъуэхэм я зэхуакум щызэрахьэ пхъэщхьэмыщхьэ хадзхэр ГъатхэкІэ къэс нэри псоми ихьэхуу зэщІэгъагъэу зэрыщытар. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг хадзхэр щагъэунэху и станцым мывалъэмрэ мывалъэ-пшахъуалъэмрэ щигъэкІат. ХьщІ гъэхэм я пэщІодзэм яужь ихьэри, илъэси 2 - 3-м къриубыдэу гектарищ я ягъэтІысат. Абыхэм жанэрэ - КъБКъУ-м и еджапІэ-щагъэунэху хозяйствэу, пхъэщхьэмыщхьэ, иужькІэ Іэщ пхъэкъыфІ совхозэу, КСХП-уэ яхъэужащ. А илъэсхэм хозяйствэм и лжьыгъэр зэпымыууэ иунэтІащ.

Щылэжьа зэманым къалэ, район советхэм, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Х - XII зэхуэсыгъуэхэм я депутату хахащ. «ЩІыхьым и дамыгъэ», «Лэжьыгъэм и Бэракъ Пльыжь» (ГІэунейрэ), «Октябрь революцэ» орденхэр, медалхэр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъ къратащ, «РСФСР-м щІыхь зиІэ и зоотехник» цІэр къыфІащащ, РСФСР-м цІыхубэ егъэджэныгъэмкІэ и отличникщ.

Унэжокъуэ Борис ноби жылагъуэ гъащІэм щыжьыджэщ, «Кэнжэ» Іэщ пхъэкъыфІ совхозым и унафэщІым и чэнджэщагъэщ, я къуажэм щыщу пенсионер 950-рэ зыхэт Налшык къалэ Советым и пэщІэдзэ организацэм и тхьэмадэщ.

● Дифі догъэлъапІэ

Тхьэмадэ Іумахуэм и гъуэгу захуэр

Профессор Лучков Пётрэ Унэжокъуэ Борисрэ.

яхэтт республикэм и мызакъуэу, къэралми хамэ щІыпІэхэми нэхъыфІыкІ къыщалъытэ мыІэрысей, кхъужьей іёуужьыгъуэхэр. Аращ и кхъежапІэр илъэсыкІэ пщІейм щхьэдэха тхьэмадэр, абы щІигъу къызыпахыу щыта «ПситІ зэхуаку» Іэнатіэшхуэм. А къэралпсо Іуэхум и гущІэ куэд хилъхьащ РСФСР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым и профессору щыта Лучков Пётр. Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг хадзхэр щагъэунэху и станцым щыкІуам абы щІэныгъэ пэжыгъэ купщІафІэ иІэт. Ахэр нэхъыбэу зытехуахэр куэд щІауэ зэгупсыс Іуэхущ Іэт - мывалъэ-пшахъуалъэ щІыхэр, бгылъэ щІыпІэхэр къэбгъэІуригъэ зэрыхъуну Іэмалхэрт.

- Профессор Лучков Пётр ветеринарэм щІыщІэрыІуэ еджагъэшхуэт, жыг хадзхэр - гъэкІыным хуэІэзэ щІыпІэхэм. Ди хозяйствэм гъавэ щІапІэр и мащІэт, Іэщ ышхуэу минрэ щитхуэрэ тІыгъми, хэхъуэ щІагъуэ къыпытхыр-тэкъым, зыдужьын щхьэкІэ, фейдэ къэзытыну Іэнатіэ дыхуейт. Профессор Лучков Пётр си цІыхугъэти, си жэрдэмыр и гуапэу къызэдыІыгъ, ерыщу еувалІэри, ди Іэщ Іагъэпэщэр и гъусэу, Кэнжэм и бгылъэ щІыпІэхэм пхъэщхьэмыщхьэ зэрыщагъэкІынымрэ и технологиер игъэхьэзыращ. Ар щІэныгъэр зи лъабжьэ лэжьыгъэщхьэр. Абы псорэ зэпилъытат: джабэ ныкІыжьыфІу щыхуэну жыг зэрыпхъэкІэр тэмэму лІэужьыгъуэкІэ зыхуэдэрэ, хьэрэ ныкъыт ильэс къэс зэрыхэдгъэхъуэну Іэмалхэри, нэгъуэщІ куэди. Апхуэдэ щыкІэкІэ, дгъэунэхун мурадкІэ, 1966 гъэм гектар 25-м жыг хадзхэр щыдгъэтІысауэ щытащ. Хуэфащэ техникэ диІэтэкъым. ДТ-54 бульдозэр закъуэм зыльэІэс джабэ нэкІуэр иритІэкІырт, адрей лэжьыгъэ псори къуажэдэсхэм Іэпщэ къарукІэ зэфІагъэкІырт, ягъэхъэзыра щІыпІэхэм жыгыщІэхэр щыхасэрт. КъызэщІэрыуа нэужь, а Іэнатіэм хэхъуэфІ къызэрыдитынур ди цІыхухэм я фІэщ хъуащ. Ар ди дежкІэ хэкІыпІэфІти, къыкІэлъыкІуэ илъэситхум кьриубыдэу жыг хадзхэр гектар 540-м нэдгъэсауэ щытащ, - жеІэ Борис, а зэманым зрагъэхъуІахэм иригушхуэу.

Кэнжэдэсхэм ахэр егугъуэу зэрагъэхьэрт. Зэдзууэ зауэжьырти, хозяйствэм хэхъуэуэхъуэ къызэрыхуахьынур наІуэт. ИльэсипІ зэкІэльыкІуэм гектарым пхъэщхьэмыщхьэу къыпахыр щІэныгъэ 63-м щегъэжьауэ щэм нэсат. 1979 гъэм гектар пщІей фІэкІа мыхъу хадзэм сом мин щиц фейдэуэ къыщІалхат. Ар а илъэсым адрей Іэнатіэхэм хэхъуэу хьаритам и процент блыщІым щІигъут. Совхозым и жыг хадзхэм апхуэдизу лъэшу зауэжьырти, гъэ къэс а Іэнатіэм хэхъуэ кьабзэу сом мелуанрэ щитхурэ къыхуахьырт.

ЗыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ, КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я Бэракъ Пльыжь зэІэпахыр 1979 гъэм, абы и пэ ита илъэсым РСФСР-м и Министрэм я Советымрэ ВЦСПС-мрэ я апхуэдэ дамыгъэр «Кэнжэ» совхозым къыхуагъэфэщащэу щытащ. Хозяйствэр Кавказ Ищхъэрэм щыпашэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ щыпІэхэми щыцІэрыІуэт. Абы къыхэкІыу, союзпсо, урысейпсо, щІыналъэ щІэныгъэ конференцэмрэ семинархэмрэ щрагъэкІыкІырт, Молдавием, Куржым, Кърымым, Венгрием, Алыджым, Франджым, Испанием, Монголием щыщ щІэныгъэлІэхэр, жыггъэкІэхэр, къэрал лэжьакІуэхэр кхъуеблагъэрт. ТхакІуэхэм, усакІуэхэм, космонавтхэм Кэнжэм и пхъэщхьэмыщхьэр яфІэтелъыджэт. Жыг хадзхэр цІыхуищэрэ блыщІым зэрахьэрт, къеХьэлІэжьыгъуэм минрэ щитхурэ лэжьыгъэм хэзащэрт.

Дауи, а илъэсхэм хозяйствэм иІа ехъулІэныгъэхэр Унэжокъуэ Борис и закъуэ бгъэдэлъкъым. Ахэр, шэч хэмылъу, лэжьакІуэ псоми я фІыщІэщ, абыхэм я гуащІэ хьэлэлым къыпэкІуащ. Хуэфащэ щытхъуи лъагъэсащ - совхозым и жыггъэкІэм, Іэщ ышхуэхэм, гъавэгъэкІэм къраХьэлІа лэжьыгъэшхуэр, ябгъэдэлъа зэфІэкІымрэ къагъэлъэгъуэ жыджэрагъымрэ хъыбар гуапэу ноби зэІэпах. Гуп зэкъуэтым и Іуэхур илъэс щэщІым щІигъукІэ зыиунэтІа Тхьэмадэм къикІуа гъуэгур абы бгъуфІэ дохъу, унэтІакІуэ-къызэрэзэпэщакІуэ Іэзэу щыта нэхъыжьыфІыр нэхъри бжьыфІэ щІохъукІ.

И ныбжьыр нэсу тІысыжьыху, Унэжокъуэ Борис еш ищІакъым, и псэр фІым хуэгъэпсати, къаргъэза дзыхьыр фІэлъапІэу и Іэнатіэр ирихьжІащ, я жьыпэмрэ зи унафэщІ хозяйствэмрэ я цІэфІ жригъэІащ. ІуэхушхуэкІэ гъэнщІауэ гъащІэ дахэ къызэхъуІа тхьэмадэр мы махуэхэм илъэс пщІейрэ тІурэ ирикъуащи, и лъэпкъымрэ къыдалъхуахэмрэ яхуэузынышэну, дяпэкІи къыхуэпищэну ди гуапэщ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Унэжокъуэ Борис Дулэ и къуэр

1933 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м Кэнжэ къуажэм щыщ мэкъумэшыщІэ унагъуэм къыщалъхуащ. Классибл школыр къиуха нэужь, Налшык мэкъумэш техникумым зоотехник Іэщ Іагъэр щызыригъэгъуэтри, я жылэм щызэхэт колхозым лжьэн щыщІидзащ. 1955 гъэм зоотехник нэхъыщхьэу яГъуэващ, хозяйствэм и комсомол организацэм и секретару, ВЛКСМ-м и Шэджэм райкомым и бюром и члену хахащ, 1958 гъэм и дыгъэгъазэм КПСС-м и хьжьащ.

1961 гъэм мазаем и 21-м къыщыщІэдзауэ «Кэнжэ» колхозым и унафэщІщ. Зэрылажьэм хуэдэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зоотехниемкІэ и къудамэр щхьеух, аспирантурэм щІотІысхьэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жьэгъуущІэс щІыпІэхэм швиц Іэщ Іыпхъэм зыщІегъэужьыным пылъ фейдэр зыхуэдэр къехутэ.

1969 - 1992 гъэхэм «КърифыбдзуэУ «Кэнжэ» колхозым зэреджэр зыбжанэрэ - КъБКъУ-м и еджапІэ-щагъэунэху хозяйствэу, пхъэщхьэмыщхьэ, иужькІэ Іэщ пхъэкъыфІ совхозэу, КСХП-уэ яхъэужащ. А илъэсхэм хозяйствэм и лжьыгъэр зэпымыууэ иунэтІащ.

Щылэжьа зэманым къалэ, район советхэм, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Х - XII зэхуэсыгъуэхэм я депутату хахащ. «ЩІыхьым и дамыгъэ», «Лэжьыгъэм и Бэракъ Пльыжь» (ГІэунейрэ), «Октябрь революцэ» орденхэр, медалхэр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъ къратащ, «РСФСР-м щІыхь зиІэ и зоотехник» цІэр къыфІащащ, РСФСР-м цІыхубэ егъэджэныгъэмкІэ и отличникщ.

Унэжокъуэ Борис ноби жылагъуэ гъащІэм щыжьыджэщ, «Кэнжэ» Іэщ пхъэкъыфІ совхозым и унафэщІым и чэнджэщагъэщ, я къуажэм щыщу пенсионер 950-рэ зыхэт Налшык къалэ Советым и пэщІэдзэ организацэм и тхьэмадэщ.

Колхозым, иужькІэ совхозым и унафэщІу зэрылэжьа илъэсхэм хозяйствэм и мылъкукІэ ирагъэкІуэкІа уху эныгъэхэр:

Къуажэр электрификацэ ящІащ.

Къуажэр псыкІэ къызэрагъэпэщащ (1965 - 1966 гъгъ.).

Къуажэм газыр яшащ (1967 - 1969 гъгъ.).

Къуажэм телефоныр яшащ.

Гъэсэгу нэхъыщхьэхэм асфальт трАлъхьащ.

Иджырей курыт еджапІитІ, сабий гъэсапІэ, щылажьэ-зыщагъэпсэху лагерь (республикэм щыяпэу) къызэІуахащ, администрацэр зыщІэс унэр, Іэщ комплекс, консерв завод, тонн щитхум хуэщІа пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэ, тонн мин зыщІэхуэ гъавэ гъэтІылъыпІэ, лъэщапІэ, фэтэр хыщІ хъу псэупІэ, Хэку зауэшхуэм хэкІуэда хуэажэдэсхэм я фэеплъ, поликлиникэ яухуащ, Кэнжэ псым лъэмыж екІу трАлъхьащ.

● Фэеплъ

Ует Хъызыр ящыгъупщэркъым

Иджыблагъэ ди къэралым щагъэлъэпІащ Хэкум и хъумакІуэм и жьэрыгъуэ. Абы ехьэлІауэ щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щекІуэкІа дауэдапщэхэм ягу къыщагъэкІыжащ щыгъэкІуэкІа къулыкъу хуэщІэным зи гъащІэр тезыхуха лЫхъужьхэр. Абы папщІэ зи псэр зыта-хэр. Абыхэм ящыщщ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м зэрыльахэу гуэвэгъуэм дыщыхэхуа махуэм хэкІуэда щІалэхэри. Зеикъуэ къуажэ щыщ Ует Хьэсэнбий и унагъуэм а махуэм кхъихьуа гуауэр зэманым дэмыужьыхьыу я гум илъщ. Уетхэ я къуэ Хъызыр а махуэ гуэвэгъуэм хэкІуэдащ.

1969 гъэм Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуат Ует Хъызыр. Курыт еджапІэр къиуха нэужь, ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и ветеринар къудамэм. Япэ курсыр къиухауэ дзэм къуЛыкъу щищІэну ираджа нэужь, Хэкум и хъумакІуэ нэсу, зыхэт гупым я щапхъэу, частым и унафэщІхэми пщІэ кІыхуащІу ирихьэкІащ. Къулыкъур къиуха нэужь эщщалъхуа къуажэм къигъэзэжри Іэщ дожутыр илъэс зыбжанэкІэ лэжьащ.

ЦІыхум сэбэп зэрахуэхъуным и гур етауэ псэурт далъхьат, шыІэныгъэм, зэпІэзэрытыныгъэм, мурадыр зэгъэхъупІэным хуаущиати, игури и псэри етауэ лажьэрт.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м, щІэпхъаджащІэжр Налшык и З-нэ ОВД-м щытеуам Хъызыр лэжьыгъэ Іэнатіэм Іуту ирихьэІащ. ЛЫгъэ хэлъу япэуащ ар и лъахэм, и Іыхьэгъуэм Іэщэ кьахуэзэщта бийм, абдежми и псэр щитащ. Къигъэлъэгуа лЫхъужьыгъэм папщІэ Уетым къыхуагъэфэщащ ЛЫгъэм и орденыр, Зеикъуэ къуажэм и узрамхэм языхэзым Хъызыр и цІэр фІащащ. Илъэс 36-рэ хуэгъэ арат щІалэ захуэр. Къызэпаудащ псэуныгъэм зи гур хуэжьабзэу езыгъэжьа щІалэм и гъащІэр. Зеинэ хъуащ сабиитІыр.

ИлъэсипщІ мэхъу абы лъандэрэ. Зэманым имыгъэупщІыІуэ уІэгъэщ а махуэм ди адыгэ лъпкъым, Хъызыр и унагъуэм къытехуар. УсакІуэ цІэрыІуэ хэкІыпІэфІти, къыкІэлъыкІуэ илъэситхум кьриубыдэу жыг хадзхэр гектар 540-м нэдгъэсауэ щытащ, - жеІэ Борис, а зэманым зрагъэхъуІахэм иригушхуэу.

Кэнжэдэсхэм ахэр егугъуэу зэрагъэхьэрт. Зэдзууэ зауэжьырти, хозяйствэм хэхъуэуэхъуэ къызэрыхуахьынур наІуэт. ИльэсипІ зэкІэльыкІуэм гектарым пхъэщхьэмыщхьэу къыпахыр щІэныгъэ 63-м щегъэжьауэ щэм нэсат. 1979 гъэм гектар пщІей фІэкІа мыхъу хадзэм сом мин щиц фейдэуэ къыщІалхат. Ар а илъэсым адрей Іэнатіэхэм хэхъуэу хьаритам и процент блыщІым щІигъут. Совхозым и жыг хадзхэм апхуэдизу лъэшу зауэжьырти, гъэ къэс а Іэнатіэм хэхъуэ кьабзэу сом мелуанрэ щитхурэ къыхуахьырт.

ЗыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ, КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я Бэракъ Пльыжь зэІэпахыр 1979 гъэм, абы и пэ ита илъэсым РСФСР-м и Министрэм я Советымрэ ВЦСПС-мрэ я апхуэдэ дамыгъэр «Кэнжэ» совхозым къыхуагъэфэщащэу щытащ. Хозяйствэр Кавказ Ищхъэрэм щыпашэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ щыпІэхэми щыцІэрыІуэт. Абы къыхэкІыу, союзпсо, урысейпсо, щІыналъэ щІэныгъэ конференцэмрэ семинархэмрэ щрагъэкІыкІырт, Молдавием, Куржым, Кърымым, Венгрием, Алыджым, Франджым, Испанием, Монголием щыщ щІэныгъэлІэхэр, жыггъэкІэхэр, къэрал лэжьакІуэхэр кхъуеблагъэрт. ТхакІуэхэм, усакІуэхэм, космонавтхэм Кэнжэм и пхъэщхьэмыщхьэр яфІэтелъыджэт. Жыг хадзхэр цІыхуищэрэ блыщІым зэрахьэрт, къеХьэлІэжьыгъэм минрэ щитхурэ лэжьыгъэм хэзащэрт.

Бемырэз Мухьэдин «Адыгэу упсэуным кьикІыр зыщ - Уадыгэну къыпкъуэкІынырщ лІыгъэ» и сатырхэм яхилъха купщІэм я щапхъэ куэдым языхэзащ Ует Хъызыр и дуней тетыкІар. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лІыгъэм я нэхъ иныр лІэныгъэм пыщІащ.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Везувий

● МафIэбгхэр

Урым къэралыгъуэжьым и куры хыу щыта Италие хы-тIыгуныкъуэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Везувий Iуащхьэр зэрымафIэбгыр а лъэхъэнэ жьыжьэм псэуа цIыхухэм ягу къыщигъэкIыжа махуэр абы пэгъунэгъуу щыса жылэхэм я дежкIэ лъапсэрыхьу къыщIэкIат. Ар къыщыхьуар есанэ лIэщIыгъуэм и 79-нэ гъэращ.

Брюллов Карл. Помпеи и кIуэдкIар

ШЫЩХЬЭУIУМ и 24-м и пщэдджьыным цIыхухэм зэуэ гу лъатащ Везувий бгым Iуву щхьэщыгъуэлъхьа пшэ гуэрэн фIыцIэм. АфIэкIа хэмылъу, Iэгъуэблагъэр зэуэ кIыфIыбзэ къэхъуащ, уафэри, дыгъэр къыпхымысыжу, шынагъуэу зэщIэгъуэгъуащ. ЦIхьэнтэ хуэдэ гуэрхэр я щхьэм трамыпIауэ, цIыхухэр уэрамхэм къыдыхьэжьафырэхьым, мафIэбгым къызыхиутIыпщыкI яжьэ пщтырымрэ уафэм дрипхъей мывэхэмрэ зыщахъуэмэ папщIэ.

Везувий зи гугъу тщIы лъэхъэнэ жьыжьэм илэкIи мызэ-мытIэу къибырыгукIауэ щытащ. АбыкIэ щыхьэту къэувыфынущ щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэри а щыIэпIэм щыпсэуэу щыта лъэпкъхэм къызэранэкIа IуэрыIуатэри. Ауэ тхыдэм нэхъ къыхэнар а бгым щынагъуэ дыдэу зыкъыщызэкъуиха 79-нэ илъэсыращ. А гъэм, и пщтырагъыр градус 700-м нэсыну, псырэ пшахъуэ-мывэу къикъуэлъыкIа фIыщIагъэ абрагъуэр Помпеи, Геркуланум, Стабии къалэхэмрэ абыхэм кьедза къуажэ цIыкIу зыбжанэмрэ ящхьэщыгъуэлъхьащ. А къэхъукъащIэ щынагъуэм, зэрыхуагъэфащэмкIэ, цIыху мин 16-м щигъу хэкIуэдащ.

МафIэбгым и эзранкIэ, а жылагъуэхэм псэуплэрэ псэуалъэу щызэхэкъутауэ щыта-кар зыхуэдар зрагъэлъагъун мурадкIэ, щIэныгъэлIхэм Помпеи къалэр здэщыта щIыпIэм дежи 1860 гъэм щIытI лъжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIауэ щытащ. Метр бжьыгъэ и Iуагъуэу зэтрипхъауэ щыта жьжьр зэбгратхъужа иужькIэ, археологхэм къагъуэтащ къалэдэсхэм ящыщу 40-м я хьэдэхэр. Абы къищынэмыщIауи, зэрыщыта дыдэм хуэдэу къыщIагъэщыжащ а лъэхъэнэ жьыжьэм Помпеи къалэм иIа уэрамхэмрэ абыхэм те-та унэхэмрэ. ЦIыхухэмрэ псэущхьэхэмрэ зэуэззэпсэу къатепсыха псэззэпытхьэпIэм хуэмыихьэзыру къызэрыщIэкIар къэхутакIуэхэм я нэгу къыщIэуващ.

ЩIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, мафIэбгым гуэрэн фIыцIэу къызыхилыпщIкIа гъуэзым километр 31-кIэ уафэгъум зыщиIэтат, апхуэдизкIэ ар къарууфIэу икIи гуащIащэу къыщIэкIати. Яжьэрэ мывэу, Iугъуэрэ пшахъуэу зэхэгъэткIухьа хъжжьрийр еруущат, зэхилпщIэмрэ зэхигъэкIухьымрэ гъуни нэзи зимыIэжьым хуэдэт.

А лъэхъэнэжьыкъэм мафIэбгыр къызэрикъуэльыкIар зи нэгу щIэкIа, Урым къэралыгъуэжьым и политикэ лжьэкIуэ икIи тхакIуэ Плиний Нэхъыщ1эр а къэхъукъащIэр мыпхуэдэу итхьжауэ щытащ: «Пшэ фIыцIэжь абрагъуэр псынщIащэу кыджьэхэкIуатэрт. Абы кьыхэбзыщхъуКI мафIэ бзийкэр уафэхъуэпскIым хуэбгъэдэнкIи хъунт, ауэ куэдкIэ нэхъ гуащIэрэ шынагъуэу...».

Везувийиужьрейдыдэу «къыщылъэпIэстхъар» 1944 гъэращ. Абы лъандэрэ бгыжьым зегъэзэпIэззэрыт, «мамырыфэ зытригъэуауэ». АрщхьэкIэ, щэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, дэтхэнэ зи мафIэбгми зыжьыдимыгъащIу зэман нэхъыбэ диГъэкIыху нэхъ Iейщ - абдежьыращ къару нэхъыбэ дыдэ щызэхуихьэсыр. НэгъуэщIу жьыгIэмэ, Везувий илъэс минитI ипэкIэ кьибыргъукIауэ зэрыщытам нэхърэ нэхъ гуащIэжу зыкъызэхъуихьыр зыми хуэIуакъым. Апхуэдэ къэхъу хъужькъуэмэ, ар а Iуащхьэм и Iагъуэблагъэм нобэ щыпсэу цIыхухэм я дежкIэ шынагъуэшхуэ къэзышэ Iуэхугъуэу щытынущ.

БЕТРОЖЪ Зауркъан.

Помпеи-щIыпI лэжьыгъэхэм яужькIэ.

ЮНЕСКО-м и «действительнэ член» «Додо клаб» сабий жылагъуэ экологие зэгухьэныгъэр, Сэрмакъ къуажэ дэт курыт еджапIэ №1-м щылажьэр, илъэс 30 иригъэщ. Ар къыззэригъэпэщащ «Урысей географие зэгухьэныгъэм» (УГО-м) хэт Мысырджэн МуIэед.

А IУЭХУГЪУЭМ екъэлIа гуфIэгъуэ зэхьихэ Налшык дэт «Акрополь» уардэунэм иджыблагъэщекIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ УГО-мрэ Инджылызым и пащтыхь географие зэгухьэныгъэмрэ хэт Филиппов Михаил, Псыхуабэ къалэ щыIэ Лингвистикэ университетым и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор Моисеев Александр, Къэбэрдей -Балъкъэр къэрал университетым и проректор Барасбиев Муслим, а еджапIэ нэхъыщхьэм филологиемкIэ и институтым романыбзэхэмкIэ и кафедрэм и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор Щомахуэ Татьянэ, Налшык къалэ округым и администрацэм физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщI Бузд Беслъэн, УГО-м и Псыхуабэ къудамэм и унафэщI Стасенкэ Владимир, Щхьэлыкъуэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къунашэ Къэчим, Сэрмакъ къуажэ дэт курыт еджапIэ №3-м и унафэщым и къуэдзэ Тэтрокъуэ Нинэ, абы и дэIепыкъуэгъу Ошлоковэ Иринэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхьихьэр иригъэкIуэкIащ «Урыс географие зэгухьэныгъэм» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэ Къуэжокъуэ Мухьэмэд.

- 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м къыщIегъэжьауэ щкIуэгъуэм и 7 пщIондэ УГО-м и фестиваль Мэзкуу кьалэ щекIуэкIащ. А зэхьихьэм МуIэедрэ сэрэ дыщыIащ, - и гукъэкIыжкэмкIэ мэгуашэ Къуэжокъуэр. - Абы и къызэрэпэщакIуэхэр зэгухьэныгъэм зэман кIэщIым кьриубыдэу зыхуиГъэувыж кьалэн зыбжанэм тепсэтыхьащ. Абыхэм ящыщт Къэбэрдей-Балъкъэрым эко-, этно-туризмэм зыщегъэужьыныкъмрэ ЮНЕСКО зэгухьэныгъэм и зы къудамэ ди щIыналъэм къыщызэгъэпэщыныкъмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм я гугъу зэращIари. А пщэрыльэ дыдэхэр зыхуэдгъэувыжауэ дэри дыкъэкIуэкI. Зэрыщыту къапщтэмэ, УГО-м и лэжьыгъэм УФ-м и Правительствэми ди щIыналъэм и унафэщIхэми гулыитэ хэха хуащI зэрыхьэр дызыщыгуфIыкI хьуну Iуэхугъуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм мы зэманым цIыху 70-м щигъу дыхэтщ. Нобэ мы зэIущIэм ди хьэщIэщ дыкъэзыухьуреихь дунейм и дахагъэр дэ дэщхьу гурэ-псэкIэ зэхэзыщIэ, ди гъунэгъу Ставрополь крайм къикIа ди ныбжьэгъухэри.

УГО-м и къудамэ здэщымыIэ УФ-м хиубыдэ щIыналъэхэм яхэткъым. Ди республикэм къыщызэдгъэпэщар нэхъ щIалэ дыдэщ - кьэзэрыунэхурэ илъэситху дэкIа къудейщ.

- А зэман кIэщIым къриубыдэу длэжьар зэрымымащIэри къызэгъэщIипхъэу къыщIэкIынщ, - къыпещэ и псалъэм Къуэжокъуэм. - Ди IуэхущIафэхэм ящыщу нэхъыфIхэм ахъшэ къызэыпэкIуэ грант ину тIу къритхащ, илъэ 2013, етIуанэр 2014 гъэхэм. Дызэрыт зэманым дэ догъэлажьэ унэтIынигъэ зэхуэмыдэхэм тегъэщIа комиссэ зэмылIэужьыгъуэу зыбжанэ. Абыхэм ящыщу ягу нэхъ ирихьым хэтыну, щIыуэпсыр зи псэм дахьэ, лъахэхутэ лэжьыгъэм дихьэх дэтхэнэри ди зэгухьэныгъэм фыкъыхьыхьэну фыкъыдогъэблагъэ.

Мысырджэн МуIэед и клубыр ЮНЕСКО-м и къудамэхэм ящыщ зым, «Планетарнэ жылагъуэкIэ» зэдджэм, зэрыхагъэхьэрэ илъэс бжьыгъэ дэкIащ. А къудамэм и лэжьыгъэр нэхъыбэу зытегъэщIар щыуэпсым и фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ зэмыныкъ. «Планетарнэ жылагъуэм» и лэжьыгъэр къэрал 24-м, абыхэм УФ-ри яхэту, щрегъэкIуэкI.

Сабий зэгухьэныгъэ пэщIын IуэхумкIэ МуIэед ягу дыдэу чэнджэщ къезытауэ щытар дуней псом щыцIэрыIуэ, зоолог, тхакIуэ-анималист Даррелл Джеральдщ.

- Зи тхылъхьэм куэд щIауэ сыдахьэх цIыхум и «электрон адресыр» къэзгъэуэтри, щIыуэпсым екъэлIауэ зБгъэдэлъ гурыгъу-гурыщIэхэр къэзгъащIэу, абы сыхуэтхэн щIэздзауэ щытащ, - игу кьеГъэкIыж МуIэед. - Жэуапынши сыхъуакъым - къыхсхуэтхэжащ. ИужькIэ, 1987 гъэм, езы Даррелл Джеральд Мэзкуу къалэшхуэм сыщыIущIэну къыхсхуихуаэ щытащ. Абдежьращ ди зэпыщIэныгъэхэм гъуэгу нэхъ щагъуэтари, сыкъыщыхъуа республикэм и экологиемрэ географиемрэ джыным нэхъ ерыщу яужь сыщихьэри.

Зыхьхьэм хьэщIэ и щIасэщ.

МуIэед зэхиша зэгухьэныгъэм зриГъужькIи папщIэ, зэрыгуриуIуэгъуэщи, дэIепыкъуэгъуэхэми хуэныкъуэт.

- 1985 - 1988 гъэхэм кьриубыдэу, «Додо клаб» клубым ахъшэкIи транспорткIи инэхъыбэм къыддэIепыкъуар Сэрмакъ производственнэ комбинатым и унафэщIу а зэманым лэжьа Альтуд Мухьэмэдщ. 1998 - 2005 гъэхэм, къэхутэныгъэ лэжьыгъэ едгъэкIуэкIыными хамэ къэрал дыкIуэнуми, дэIепыкъуэгъу нэхъыщхьэу диIар хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ, иджыпсту Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолэщ. Иужьрей лъэхъэнэхэм мылъкукIэ нэхъ зыкъытщIегъакъуэ «Бум-Банк» коммерцэ банкым и Iэтащхьэ Ажажъуэ Къанщобий. Абыхэм псоми фIыщIэрэ щытхъуэ яхуэфащэщ.

МуIэед, и гъэсэн цIыкIуэр и гъуэгу, лъахэхутэ лэжьыгъэхэри иргъэкIуэкI. Ахэр нэхъ дэхьэхэх Iуэхугъуэхэм ящыщщ, Балъкъ псыхъуэр зи «хэщIапIэ» псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ я къэкIуэкIыкIэм кIэлъыплъыныр. Къыхэгъощыпхъэщ, къэгъэтэджьнми къыгуэхьпIэ имыIэу пыщIащ, - щыжиIащ зэIуцIэм Сэрмакъ къуажэм дэт курыт еджапIэ №3-м и унафэщIым гъэсэныгъэ IуэхуэмкIэ и къуэдзэ Тэтрокъуэ Нинэ. - Абы и дерсхэм едаIуэ цIыкIуэхэм щалъхуа къуажэр, щыпсэу республикэр фIыуэ ямыльагъункIэ Iэмал иIэкъым. КъищынэмыщIауэ, «Додо клаб» зэгухьэныгъэм хэтхэм зыщаплъыхь щIыпIэхэм я псэр къабзагъэм, я гур дахагъэм къыхуэзэщIегъэушэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

«Джэдмышх псыкъелъэм» и деж

● Экологие гъэсэныгъэ

«Адыгэ нэсщ» зыхужаIэм хуэдэщ

● ПцIащхъуэ

Къуалэбзу лъагъугъуафIэ

Абазэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ пцIащхъуэр фIыуэ ялъагъу. Абыхэм я IуэрыIуатэм ар цIыхухэм я къегъэлакIуэу къыхощыж. А къуалэбзум ихуэу абгъуэм зи зэран екIым, нэхъ Iеижьращи, ар зэтезыкъутэм гуэныхьышхуэ къихьу, ябж. Унэм пцIащхъуэ щIэлъэтамэ, ар зей унагъуэм дежкIэ насыпышхуэу къалъытэрт. А бзу лъагъугъуафIэр гугъу езыгъэхьыр цIыху мыхъумыщIэу ябжырт.

ЗИ ГУГЪУ тщIы абазэхэм яIэщ пцIащхъуэм теухуа хьыбар гъэщIэгъэн. Пасэ зэманхэм, щхьибл зыпыт благъуэм мурад ищIат, жаIэ, дунейм тет псэущхьэхэм ящыщу хэт и лыр нэхъ IэфI дыдэми зэхигъэкIыну. Ар зригъэщIэн папщIэ, хьащхьэвылъэжьым и Iумэтым щIэт хьэкIэжхъуэкIэхэр, къуалэбзуэр, гъудэ-бадзэ хуэдэхэр щIым и лъэныкъуэ псомкIи щызэбриутIыпщыкIащ. Абыхэм яхэтын хуей хуэт ди пцIащхъуэ цIыкIури.

Къуалэбзу лъагъугъуафIэм Iэгъуэблагъэр къыщIэзэхилъэтыхьым, ар зы щIыпIэ гуэрым деж блэм щыIуащ. Иужьрейр епIэщIэкIырт дунейм псэущхьэу тетхэм ящыщу цIыхум и лыр зэрынэхъ IэфI дыдэм и хъыбарыр благъуэм деж нигъэсыжыну. Къыжриам шэч къытрихьа хуэдэ зищIри, пцIащхъуэр блэм елъэуащ къкIуатэм и пэжьыпIэр зэрызэхигъэкIа и бзэгум Iуигъэплъну. Гурыщхъуэ псапкъ зигу къэмыкIа блэм и шэрэзыр къызэрыридзу, абы пцIащхъуэ цIыкIуу плъагъур и пэнцIывымкIэ еуэри, тIуу зэгуигъэхуащ. Абы лъандэрэ блэр мыпсэлъэжьыф хъуащ. Аращ цIыхуэр зытекIуэдэнкIэ хьуну хъыбар шынагъуэр благъуэм деж щIынэмысари.

БЭРАУ Бышэ.


Помпеи-щIыпI лэжьыгъэхэм яужькIэ.

● Бзэ зэблагъэхэм къызэрыщыкIуэр

Иужьрей макъыр дэнэ къикIа?

Губгъуэ гъуэгу.

«Гъуэгуэгъу» (кIахэ диалектымкIэ «гъогогъу») псалъэм адыгэхэм къидгъэкIыж, дызэрыщыгъуазэщи, «нэгъуэщIым дэгъуэгурыкIуэ цIыху» мыхьэнэраш, «гъуэгуэгъу» «цIыхумрэ» зэпищIэу.

АУЭ, Езым и анэдэлъхубзэми фIыуэ щыгъуазэ, кIахэ адыгэбзэр джыным куэд щIауэ дихьэх абхъаз щIэныгъэлI Дасание Давид гу зэрылъитакмкIэ, зи гугъу тщIы мыхьэнэр а псалъэм къидгъэкIынумэ, дэ, адыгэхэм, «гъуэгуцIыху» жьытIэн хуэяц, ди бзэм и зэхэуэхэжьым тетщIыхьмэ. Ауэ щыхъуэкIи, «гъуэгуэгъу» псалъэм и иужьрей макъ «гъу»-р дэнэ къыздикIар?

Дасание Давид зэрыжиIэмкIэ, ар дэркIэ зэрыгурыуэгъуеийуэ къэнэнут, ди бзэм и лъабжьэгъуэ абхъаз-абазэбзэхэм я дежкIэ демыплъэкIатэмэ. Абхъазхэм «цIыхум» щхьэкIэ «гIы-гъы» («ауагIы-ауагъы», «уаю-уагъуу»), абазэхэм «гIвы-гъгъу» жьыIэгъуэхэращ ноби кьапсэльыр. Абыхэм кэлъыкIэ гъэщIагъэуэн яIэщ, тэмэму дедаIуэмэ, «гъуэгуэгъу» псалъэм и кIэух макъым пдэжьэрэ дэ, адыгэхэм, ди бзэм хэмытыж макъ пIытIа-хэукъуэдиикIа гуэрхэри яхэту.

ЩIэныгъэлIым къызэрильытамкIэ, япэрауэ, «гъуэгуэгъу» псалъэр жьы дыдэщ, етIуанэрауэ, иужьрей «гъу»-р абхъаз-адыгэбзэхэр нэхъ зэгъунэгъуу щыщыта лъэхъэнэ жьыжьэхэм къыщежьащ.

АБАЗОКЪУЭ Ахьмэд.

КъуакIэбгыкIэ гъуэгу.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар Къумахуэ Аслъэнщ.

ЛIэныгъэм имыгъэгыз

● Телъыджэ

Вальдшнеп (щIупхъ, бжьыхьэджэд) бзу лIэужьыгъуэм Евразием и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм ущыхуозэ. Щ1ымахуэр къыщыблагъэкIэ, инэхъыбэр хуабапIэхэм мэлъэтэж. Щ1упхъыр закъуэныгъэр зыфIэфI къуалэбзу мамырщ. Щ1хэрыкIуэщ, жьщырыщакIуэщ. ГуэрэныпIэхэр нэхъ и щIасэмэ, пщIащэбэ жьыгъэ зыхэт мэзхэми щопсэу.

БЖЬЫХЬЭДЖЭДЫМ сантиметр 33 - 38-рэ и лъагагъщ, езыр IэпкъчIэпкъкIэ пIащэщ, и хьэлъагъуэ килограмм 21-м къыщыщIэдзауэ 46-м ноблагъэ, и пэр хуэбыхъу-хуэпапцIэу кIыхьщ (цилиндр теплъэиIэщ). БгъуфIэ-кIагъуэ къэлъагъуэ и дамэхэм сантиметр 55 - 65-рэ я бгъуагъщи, жьындум хуэдэу мэлъатэ.

ЩIупхъым и фэм и нэхъыбапIэр гъуафэми, и щхьэр, ирагъэ фIэкIа умыщIэну, фIыцIафэ-щхъуафэщ, и набдзэ зэхуаку тIэкIум фIэкIа къэмынэу (абдежьи морафэ-фIыцIафэщ). И нэхэр зэрыпIащэм къыхэкIкIэ, и щхьэр имыгъэкIэрахъуэу, и пIи имыкIыхъэу, ихъуреягъкIэ къыщыхъыр тынш зрегъэлъагъуф. Щ1ыр къишыгъуэхэм, метр 300 хуэдизкIэ упэIощIэми, и макъ псыгъуэ шэщIар тынш зэхэпхынущ.

Бжьыхьэджэдыр щопсэу: къуэхьэпIэмкIэ Пиренеи бгыхэм ящыщIэдзауэ къуэкIыпIэмкIэ хы Хуэмым нэсыху. ИщхъэрэЖьжьэм абы ущыхуэзэнчуэ - Финляндием, Соловецкэ хьтIыгухэм, Архангельск областым, Урал шытхым и мэзыльэхэм. ТIэкIу нэхъ ипщIэуэкIэ кьыдэбгъэзэймэ - Енисей, Обь, Лена, Колыма псыежэхэхэм я Iуфэхэм. МыдэкIэ укъекIуэкIмэ - Альп, Балкан, Карпат бгыхэм я лъабжьэхэм, Украинэм и курыхым, Урысейм щIыгуфIыцIэ зиIэ и щIыналъэхэм, Индыл псым и Iуфэхэм. Щ1упхъым ущыхуэзэзнущ КъухьэпIэ Сыбыирым, Алтаим, КъуэкIыпIэ Жьижьэм ди къэралым щиIэ Сихотэ-Алинь шытх цIыкIум и лъэныкъуитIми, Монголием и Кентейм лъагапIэхэм, Китаим и Хэйлунцзян хэгъэгум. Зи гугъу тщIы къыщалэбзур щопсэу Канар, Азор, Майдер, Британ хытIыгуэмэ, уеблэмэ, Японие жьжьэм жьыг куэду къыщыкI и щIыпIэхэми.

Атлантикэм и хьтIыгуэмрэ КъухьэпIэ Европэм и хьIуфэрыс щIыпIэхэмрэ узыщIыхуэзэ щIупхъэхэм къыщыщынэмыща, мыдрей псори щIымахуэр къыщыскIэ хуабапIэхэм мэлъэтэж. Щ1ыIэщ и закъуэу гъуэгу техьэжи, тIурытI зэрыгъэхъуауэ ежьэжхэри, къуалэбзууиихьи къыщыщIэдзауэ гупышхуэу лъэтэжхэри. Бжьыхьэджэдым щIымахуэр щрех Испаным, ИщхъэрэАфрикэм, Ираным, Афганистаним, Индием, Цейлоным, Индокитаймрэ, нэгъуэщI хуабапIэхэми. Гъэм и щIыIэгъуэ Крымым, Кавказым, Туркмением щызыгъакIуэхэри щIыIэщ.

Щ1упхъым щIыгулъ псыф здэщIы, мамкъутей, дэ, енэб, мэзбзий хуэдэхэр куэду къыщыкI мэзхэр и щIасэщ. Абы фIэфIщ шэдыльэхэм щыщакIуэу, хуей нэхэхэм ГъунэгъуэзахуищIу зыщIгъэпсэхужьын.

Ишх и лъэныкъуэкIэ бжьыхьэджэдым хьэмбылум пищI щIыIэкъым. ФIэфIщ хэпIащIэ зэхуэмыдэхэри - цIыкIэр, бэджэр, нэгъуэщIхэри. ГъавэхэкIхэр - зэнтхъыр, нартыхур, хьэдзэ къыызыпыкIэ кьинэмыщI къэкIыгъэхэр нэхъ мащIэуц зэрызыIуигъахуэр. Пъэтэным зыщыхуищIхэм и деж, бжьыхьэджэдым хьэндыбрабгъуэ, елырэхъэш, нэщIэпкIэ хуэдэхэри ешх.

Щ1упхъым и щакIуэгъуэр нэхъ зригъэхьэлIэр жэщыращ е дунейр уфарэ пшагъуэу щыщытхэращ. Щ1ы щхьэфэ щабэхэм и пэ кIыхьыр хиIуэрэ, куууэ зыхэзыгъэпщкIухьа хьэмбылуэхэр балы тыншу кьыхелъэфыф. И пэм хэлъ псантхэуэм и фIыгъэкIэ, мы къуалэбзуэм гугъу емыхьу зэхегъэкIыф щы щагъэшм щIэс псэущхьэр зыхуэзэрр ар здэщыIэ щIыпIэр. Щ1хьн нэхъ кьыщилъхьхъуэхэм ящыщщ удэщIэхэр, хьупIэхэр, губгъуэхэр, нэгъуэщIхэри. МахуэкIэрэ зиудыгъуэн хуей хъуамэ, къуаца-чыцэхэм, гъуейхэм хэсщ.

Бжьыхьэджэдым шыр къызэрыриш щыкIэр нобэр къыздэсым Iупщ1у биологие щIэныгъэм хуэзэхгъэзэкIакъым. Щ1упхъым и нэхъыбапIэм абгъуэ щищIыр мэзым щIэт псэйм, уэздыгIейм, пхъэщабэм, пхъэхуейм, енэбхэм я лъабжьэхэращ - миллиметр 20 - 30 хуэдизи кууагъыу, миллиметри 150-рэ и бгъуагъыу гъуэ къыщретхъури. А абгъуэр гихъэщабэм и лъахъцхэм, удэхэм, тхъэмпэхэм кьыхещIыкI. Хэлъхьыхьэу джэдыкIипIл егъэтIылъ. Абыхэм махуэ 22 - 24-кIэ щхьэщыса иужькIэ, накъыгъэм и кIэхэм - мэкъуаугъэуэм и пэхэм шырхэр дунейм къытрегъэхьэ. Бзу цIыкIухэм псынщIэу зыкъаужь. Щ1ыщхьэмум и кIэхэм - фокIадзэм и пэхэм хуэзэу льэтэкIэ зрагъащIэ, уэс кьесыгъуэр къэмысу гъуэгу зэрытехьэжьынум хуэдэу.

Бжьыхьэджэдым и дахагъэм урыс тхакIуэ, усакIуэ куэд тетхыхьащ - Тургенев Иван, Чехов Антон, Толстой Лев сымэ, нэгъуэщIхэри. Бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Даль Владимир мы къуалэбзу телъыджэм и хахуагъэр ирегъэщхъ пасэрей альдж гупсысакIуэ Сократ къыгъэлъэгъуауэ щыта лIыгъэм: «И ажалыр къызэрысар къыщIа пэтрэ, щIупхъэр лIэныгъэм игъэгъзырыкъым икIи Сократ хуэдэу къыхэмыщтыкIыу и псэр ет».

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.

Бжьыхьэджэдрэ хьэмбылумрэ

● Тхылъыщ1э

Джэрыджэ Арсен и сабий усэхэр

*Джэрыджэ Арсен КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым 1965 - 1970 гъэхэм щеджащ. И япэ усэхэр ихуащ тхак1уэ ныбжьыщ1эхэм я Iэдакъэщ1эк1эр щыз3хуэхьэса «Щ1алэгъуэ ауз» тхыльым. «Жэщ уэрамхэр», «Сэ еджэк1э зызогъащ1э», «Си шыпхъу ц1ык1уу Дахэуэс», «Уэрамыщхь», «Ажэжьым и ф1ак1эр» усэ тхыльхэр къыдигъэк1ащ, адыгэ спортсмен щ1эрыIуэхэм ятеухуа тхыльышхуит1 игъэхьэзыращ. «Красное знамя» (иджы «Голос Чегема»), «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская неделя» газетхэм, радиом, телевиденэм, Щэнхабзэмк1э министерствэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым щ1лжьащ. Мы зэманым «Эльбрус» тхылъ тедзап1эм и лэжьак1уэщ. Иджыблагъэ сабийхэм папщ1э Джэрыджэм къыдигъэк1а «Жаннэрэ Нанэрэ» и усэ тхылъ ц1ык1ум ихуахэр ди гуапэу фи пащхь идольхьэ.

Сэ си нанэр къуажэм дэсщ

Сэ си нанэр дэсщ ди къуажэм.
Къуажэм сэри сыкIуэрейщ.
ГъэщIэгъуэнкъэ, нани мами
Я зэхуэдэу сэ сарейщ.

Нанэ жеIэ сэрыншауэ
Мыпсэуфу тхьэмахутI.
Джэди къази дзэгъэшхэну
Сэ ди нанэ сещIыр хуит.

Жэм къыщишкIи дызэгъуэщ,
Нанэ къешыр, сэ сыщытщ.
Ди шкIэ ц1ык1ури къызэбзейуэ
Пщэхъур илъу къызбгъурытщ.

Ди шкIэм и кIэр мэпIэжьажьэ,
Сэ си Iупэм сыщIофыж.
ШатIэгъуэблыр нанэ къишым,
ШкIэми сэри зыдотIыж.

Адыгэбзэ

Ц1ыхуу щы1эм я1эжщ я бзэ,
Зэра1эжым хуэдэу я псэ.
Сэри сиIэщ апхуэдэбзэ,
Хэлъу дади нани я псэ.

А сэ си бзэр адыгэбзэщ,
Пшынэ Iэпэу схуэбзэрабзэу,
Нарзаныпсым ещхьыркъабзэщ,
Къобыргъук1ир псынэ къабзэу.

Сэ къысфIощIыр адыгэбзэу
Жэщк1э мэзым къиIущэщыр.
Нэхущ бзухэм я уэрэду
Жыг къудамэм къапышэщыр.

Адыгабзэщ нанэ щабэу
Пщэдджьжь къэск1э зэрылъа1уэр:
«Ухожае, тэдж, си т1асэ,
Блэбгъэк1ынущ насып къак1уэр...»

Адыгэбзэр щыбзэрабзэм
Адыгэпсэр щымыжей,
ЗымыщIэжыр анэм и бзэр
ГъащIэм куэдрэ щогужьей.

Сэ еджэк1э зызогъащ1э

Сэ пщэдджьжьым садым сашэ,
Жэщ мыхъупэу сыкъашэж,
Сыкъэсыжым, си шыпхъу ц1ык1ум
Слъэгъуа псори жызоIэж.

Ар сыухым, дади нани
Шыпсэу ящIэр жаIэм сфIэфIщ.
Сэ си закъуэ ар зыфIэфIыр,
Уэри сэри - псоми тфIэфIщ.

Ауэ дадэ йошри жеIэр:
«Хъунщ ныщхьэбэк1э, сешащ».

Нанэ дежк1э сыхуеплъэк1ми,
Нани, сощIэр, еээшащ.

Сэ а псори къызгуроIуэ,
Сэ сыц1ык1уу зызмыбжьык.
Си букварыр зэгъэохри,
Хьэрфу сцIыхур къызобжьык.

Зызогъащ1э сымыц1ыхухэр,
Семызэшу сык1эрысщ,
Си шыпхъу ц1ык1ури къызэхъуапсэу
И нэр къихуу къызбгъурысщ.

ПытIэ щхьэхынэ

Нэху зэрыщу, ди унагъуэр,
Бжьэ къэпщIауэ, зэрызохьэ.
Унэм щIэсыр ПытIэ и пIэм
Чэзууххэурэ щхьэщохьэ.

Хэт йошхыдэ, хэт йоубзэ,
Ауэ зыми емыдаIуэ.
Сывгъэжейркъым, фыIук1 жиIэу,
Ар гъынанэурэ мэлъаIуэ.

Щымыхъужым, пIэм къыхахри,
Зытхьэщ1ипIэм жейуэ ящэ.
Зэрынэсу псыр и напэм,
ЩIыIэщ жиIэу, зызэхуешэ.

Къалъыхъуэжыр и лъэпэдхэр,
И вак1ут1ыр хуагъэкъабзэ,
И зэманым щIагъэк1ыну
Зэралъэк1 IэйоубзэрабзэI.

ХущатIагъэ и кIэстумыр,
И портфелыр хуэзралъхьэ,
ТIэкIу едзакъэ жаIэу, щхыныр,
Щыту, и жьэм хужьэдалъхьэ.

Нэса хъунщ иджы щыжаIэм,
Къэсыжауэ мэгъынанэ:
«ЩIадзагъэнщ еджэн ди классым,
Нобэризэм сыкъэвгъана?»

Сыт Баринэ щIэзгъагъынур?

Си шыпхъу ц1ык1ур щхьэ баринэщ,
И пыжьынэхэр мэлыд.
Ауэ, фщIэрэ, т1эк1у гъыринэщ,
Уеуэм - занщIэу къыщеуд.

Къыщеудри, нэ фIыцIитIым
Нэпс къабзабзэ къожбзэх.
Ар ялъагъум, дади нани
Зэуэ мэхъур гуэвэх.

Сэ къыжаIэр сыщIалэфIу,
Дауи, сэри ар сощIэж.
ЩIэзгъагъынур сыт Баринэ -
СыщIалэфIу къренэж.

Си хьэ ц1ык1ур

Си хьэм сэрэ дызэгъуэм,
Дызэрешри тщогъупщэж,
Зэрыхьэблэу къыдэхъуапсэу.
Зыр зым сыткIи догъэпэж.

Губзыгъащэщ си хьэ цIыкIур,
Сыкъигъанэу дэмыхьэж,
Пщэхъур здзамэ, къегъуэтыжри
ЗанщIэу ар къыскIэщIохьэж.

Сэ ар Iэджэм хузогъасэ,
Къэбгъуэтынкъым имыщIэф,
Ауэ, дауэ сымыщIами,
ЕзгъэщIэфыркъым зы хьэрф.

ТIопIырэш

Си къуэш ц1ык1уу ТIопIырэш
Махуэ псом имыщIэ еш.

И кIий макъыр уафэм нос,
ЗемыкIуэфми, дэни нос.

Къапщтэм, IэплIэм щоджэрэз,
Мэхъу, бгъэтIысым, унэм щIэз.

И Iэ-и лъар дамэу пфIощI,
УIук1ам, лъэтэну зещI.

Си къуэш цIыкIуу делэжь цIыкIу,
Уэыхэтыр сыт емыкIу -

Зэ лъэтэным упымылъ,
ЯпэщIыкIэ зекIуи еплъ.

Шууей



Инал хуэдэу
Зы шууей
Тету пIэрэ
Мы дунейм?
Щыхуей дыдэм деж
Мэшэс,
Къохъур нани щигъэкIэс.
Хуеймэ, и шыр егъэщыщ,
Ар иужэгъум - егъэущ.
Ауэ дадэ къохъу щезэш -
Хъун-тIэ дадэ пщIы уанэш?

Къебжэк1 ц1ык1у

Дыргуэ-дыргуэ,
Дыргуэ-мыщэ,
Дыргуэ-щауэ,
Щауэ къан.

Дадэ и къуэ,
Нанэ и къуэ,
Къуэ щэныфIэ,
Къуэ гъэпIэн.

Хэт жызыIэр,
Хэт зыIуатэр
Уэ уи хьэлу
Щхьэхынэн?

Дади нани -
ТIуми жаIэ
ЩымыIэну
Уэ нэхъ жан.

Ди къебжэкIыр
Дыуэщи,
Зыдогъэпщк1ур,
Ухъу нэжан!

Ди къаз шырхэр

Ди пщIантIэм
ЩохъуакIуэ
Къаз шыру
ПщыкIущ.
Абыхэм яхэткъым
Езым яцымыщ.
Хэтати пэщащэу
Бабыщу шырищ,
Бабыщхэр къыщыджэм,
Къэнакъым яцыщ.

● Хъуэхъу

Зеикъуэ къуажэм дэт район сымаджэщым и поликлиникэ къудамэм и дохутыр, хирург-онколог Щомахуэ Мухьэмэд Руслан и къуэм Хэкум и хъумак1уэм и махуэмк1э дохъуэхъу

Пщ1э зыхуэтщ1, фIыуэ тлъагъу ди лэжьагъу, зи Iэщ1агъэм хуэIэк1уэлъак1уэ Мухьэмэд, къэрал махуэшхуэмк1э дынохъуэхъу! Гъащ1эр, узыншагъэр лъапIэныгъэ нэхъыщхьэщ. Пэжьыгъэ мытыншым гурэ псэк1э узэрыпэрытым и щыхьэтщ зи узыншагъэр зэфIэбгъэувэж, узыдэIэпыкъу ц1ыхухэм псалъэ гуапэу къыпхужаIэри, уэрк1э догушхуэ.

Мухьэмэд, уи узыншагъэр быдэу, уи гукъыдэжыр ину, мурадыфIу уиIэр къохъулIэу, уи пщIэр лъагэу упсэуну, дунейм гу щыпхуэну дынохъуэхъу.

Пщ1э къыпхуэзыщ1 Залинэрэ Оксанэрэ.

Щ1ымахуэ чемпионыр на1уэ мэхъу

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыгъэрей щ1ымахуэ чемпионатым яп1эу къыщыхагъащ1эри, и чемпионыгъэр игъэт1ыпъэщ нэгъабрей зэхьэзэхуэм щыт1ык1уа Налшык и «Звезда»-м. Зэпеуэр мухьным зы джэгуг1уэ къэнэжа пэтми, на1уэщ дыщэ медалхэр къалащхьэм и «Мурбек»-м и футболистхэм зэра1эрыхьэнур.

ТОПДЖЭГУМ дихьэхэр куэд щIауэ пэплъэрт иджыри къэс щIымахуэ чемпионыгъэр зэIэпызыхэ «Мурбек»-мрэ «Звезда»-мрэ ешхэр щызэхуэзэнум. ГурыIуэгъуэгъ дыщэ медалхэр нэхъ зыхуэфащэр абы зэрыщызэхэк1ынур. Ал-хуэдэуи къэхъащ.

Джэгум и япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ лъэныкъуэхэр ерыщу зэпэщIэтащ. Зыри къик1уэтыну хуейтэкъым - къагурыIуэрт мы зэIущIэм и мыхьэнэр хуабжьу зэрыиныр. Джэгугъуэ блэкIам «Автозапчасть»-м къыхигъэщIа пэтми, бахъсэндэхэм ящымыщ футболист губгъуэм къызэрырагъэхьар къыщIэщыжу, очкоищ зратыжа «Мурбек»-м и Iуэхухэр нэхъыфIт. Зэрытемыгъэк1уами, абы иджы пашэныгъэр къыхуэнэрт. Арщхьэк1э «Мурбек»-м чемпионыгъэр къабзэу зыIэригъэхьэмэ нэхъ къищтащ ик1и УанащIэ Жантемыр я хьэрхуэрэгъуэм яхудигъэк1а топ закъуэм дыщэ медалхэр тхьэмахуэк1э нэхъ пасэу къаригъэхьащ. ЕтIуанэ увыпIэр «Звезда»-м лъысащ.

Жэз медалхэм командэ зыбжанэ щIэбэнынущ. Ахэр зыIтысыпхъу щызэхэк1ынур дызыуэк1уэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыну иужь дыдэ джэгугъуэрщ. Ардыдэм на1уэ щыхъунущ «Кэнжэм» дэщIыгъуэ гуп нэхъыщхьэр зыбгынэнэур хэтми. Абы иризэныкъуэкъунущ КъБКъУ-м и «Спортфак»-мрэ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-мрэ.

Гъэщхьэуэхэм я зэпеуэм бжьыпIэр щызыIыгъ «Мурбек»-м и пашэ Къалмыкъ Амур тхьэмахуит1 хъуэуэ къыхэжаныкIыжьырхьым. Ар къигъэсэбэпри, Щащ1э Беслъэн («Къэхъун») абы гъунэгъу зыкъыхуищIащ. Иджы а тIур зэрызэщхьэщыкIыр топищ къудейщ.

Адэк1э фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и щIымахуэ чемпионатым иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм: «**Школа №31**» (Налшык) - «**Спарта**» (Налшык) - **1:2**, «**ГорИс-179 Кавказкабель**» (Прохладнэ) - «**Спартак-Школа №31-Д**» (Налшык) - **1:0**, «**Союз**» (Налшык) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **0:3**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **1:2**, «**Спартак-Налшык 1999**» (Налшык) - «**Спортфак КъБКъУ**» (Налшык) - **3:1**, «**Юг-Полимер**» (Бахъсэн) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) - **2:2**, «**Велес**» (Къэрэгъэщ) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **2:1**, «**Мурбек**» (Налшык) - «**Звезда**» (Налшык) - 1:0.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и щIымахуэ чемпионатыр зэрек1уэк1ыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Мурбек»	14	13	0	1	32-13	39
2. «Звезда»	14	11	2	1	31-5	35
3. «ГорИс-Кавказкабель»	14	9	1	4	30-21	28
4. «Школа №31»	14	9	0	5	24-15	27
5. «Союз»	14	8	2	4	24-23	26
6. «Къэхъун»	14	7	5	2	21-11	26
7. «Спартак-Шк. №31-Д»	14	7	0	7	19-15	21
8. «Спарта»	14	6	2	6	19-22	20
9. «Шагъдий»	14	5	2	7	23-23	17
10. «Автозапчасть»	14	5	2	7	23-21	17
11. «Юг-Полимер»	14	3	6	5	19-30	15
12. «Спартак-Налшык 1999»	14	3	4	7	15-17	13
13. «Велес»	14	3	4	7	19-28	13
14. «ЛогоВАЗ»	14	2	3	9	14-29	9
15. «Спортфак КБГУ»	14	2	1	11	16-33	7
16. «Кэнжэ»	14	1	2	11	8-31	5

● Фщ1эн папщ1э

Сом мелуани 2-м щ1игъу къуэды япшын

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м къыз3ритымк1э, гъуэгум щек1уэк1ыр зытх Iэмэпсымэхэм 2016 гъэм мазаем и 11 - 19-хэм 15823-рэ хабзэр къыз3пауданэу къагъэлъэгъуащ. Хабзэм ебэкъуахэм псори зэхэту тралъхьа къуэдыр сом мелуани 10-рэ мин 835-рэ мэхъу. Абы щыщу сом мелуани 3-рэ мин 352-рэ япшынащ.

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, къуэдыр махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фIагъэкIамэ, Iэхур Суд приставхэм Iэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьи) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитIк1э ягъэбагъуэ е сихьэт 50-к1э ц1ыхур ягъэлажьэ.

2016 гъэм щIышылэм и 15-м къару зыгъуэта Федеральнэ закон №340-ФЗ-м къыз3рыщыгъэлъэгъуамк1э, суд пристав-гъэзэщIак1уэхэм административнэ къуэдыхэр зымытхэм я хуитныгъэ щхьэхуэхэр пIалъэк1э къызэрагъэувыIэфынущ. Зи щIыхуэр сом мини 10-м щхьэдэхар пIалъэк1э хуит яц1ыкъым сыт хуэдэ автотранспорт лIэужьыгъуэри зэригъэк1ыну.

Къуэдыр птелъэрэ-птемылъэрэ къыщыпщIэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru, КъБР-м Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр щызэфIах и центрхэм (МФЦ).

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк1эмрэ редакцэмрэ я хэщ1апIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымк1э - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмк1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмк1э - 47-32-15; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIык1Iэр зэтекуэ зэпыту щытк1ым.

Газетыр Iэтезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдок1.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 33

Мы къыдэк1ыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактору Къумахуэ Астъэн, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 3, 6-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 4, 5-нэ нап.)*. *Компьютерк1э газетым и тепльэр ящ1ащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №253